No. 17. 24 Mei 1929 Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).

Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

D. M. HARDJASOEWANDA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek:

1 taoen . . . f 7,50 }
½ „ . . . . f 3,75 } njoewoen kabajar roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**:

XAVERIUS-COLLEGE

MOENTILAN N. I. S.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

PRADJA RAHAJOE.

ARTA-NAGARI ING INDIJA.

Kala Raad Kawoela djangkep oemoer sadasa taoen, Generale Thesaurie-nipoen departement Financiën ing Indija, angoemoemaken tjatetan kalempaking arta Nagari, sadangoenipoen wonten Raad Kawoela.

Manawi kapatitisaken, ing tjatetan ngrikoe tijang ladjeng saged amilah wekdal kalih i.p. taoen 1919—1923, kalijan 1924—1928. Toemrap sadaja oeroesan, ing taoen '19—'23 waoe pinanggih toena (tekort) goenggoeng wonten 905 mlijoen roepijah. Déné salebetipoen '24—'28 angsal tirahan total djéndral 125 joeta. Déné toemrap *(gewone) dienst limrah,* salebetipoen gangsal taoen ingkang kawitan waoe, pinanggih toena 333 mlijoen; ing salebetipoen gangsal taoen ingkang akir saged angsal tirahan 343 mlijoen. Toemrap *(buitengewone) dienst miroenggan,* ing salebetipoen wekdal anggangsal taoen waoe, toeni 572 kalijan 218 mlijoen.

Sabakdaning perang donja, wonten kalamangsa economienipoen pradja ngriki katingal ndedel sawetawis dangoe. Ingkang makaten waoe kasebabaken margi indaking pamedalipoen Nagari. Kala taoen 1919 landsmiddelen [1]) wonten 472 joeta, taoen 1921 mindak dados 722 mlijoen roepijah. Anggènipoen dados samanten poenika, sapérangan ageng margi angwontenaken paos énggal kados déné suiker belasting, angindakaken paos mlebeting dagangan, angéwahi dadasaring paos pamedal lss. Kadjawi poenika oegi margi pamedaling pakarjan Negari (kados déné: sepoer, pos, palaboehan lss.) ingkang salebetipoen taoen 1919 doemoegi 1921 saged mindak, waoenipoen 86 ladjeng dados 126 joeta roepijah.

Sanadjan katah mindakipoen, medalipoen inggih katah. Medaling arta kanggé balé grijaning Nagari, kala taoen 1921 kalebet katah pijambak. Salebetipoen taoen 1919—'21 waoe, gewone uitgaven minggah apesipoen 60% i.p. waoenipoen 526 dados 830 mlijoen. Poenika dèrèng medaling arta kanggé andatengaken wos l.s.s. Dados ing salebetipoen tigang taoen waoe, pamedaling Nagari mindak 80%, nanging medalipoen mindak 60%. Menggah sebabipoen gewone uitgaven mindak, margi kala samanten awis teda, andjalari Nagari ladjeng ngindaki balandjanipoen prijantoen. Kadjawi poenika oegi margi kanggé ambajar oetawi anganaki samboetan. Kala taoen '19, arta medal kanggé preloening samboetan wonten 21 joeta, let kalih taoen dados 72 joeta roepijah.

Katjarijos ing taoen '21 waoe buitengewone uitgaven inggih kalebet inggil pijambak, i.p. 189 mlijoen, mangka kala taoen '19 namoeng oedakawis dawah palih: 90 mlijoen. Pakarjan-pakarjan Nagari inggih andjalari katahing wedalipoen arta. Djer kala samanten padagangan sarta palajaran madjeng sanget. Mila Nagari ladjeng énggal-énggal angindakaken margi sepoer, andjembaraken palaboehan.

Bakda taoen '21 ngantjik djaman irid alijas djaman malaise, dangoenipoen doemoegi taoen 1925. Margi wontening malaise waoe kawontenaning economie dados saé, sarta ladjeng soeka pitoetoer bilih wedaling arta-Nagari pantjèn kedah irid.

Taoen '21 doemoegi '23 gewone uitgave ingkang kala tn. '21: 830 joeta, saged soeda dados 646 mlijoen. Déné buitengewone uitgaven oegi saged soeda boten kirang saking 125 joeta. Soedaning buitengewone uitgave poenika ingkang katah angèngingi jajasan pakarjan Nagari; oepami S. S. ingkang kala taoen '21 ngedalaken artanipoen Nagari 93 joeta, taoen '23 namoeng ngelongi kasipoen Nagari 20 joeta.

Taoen 1924 doemoegi taoen '28, kawontenaning arta Nagari langkoeng andemenakaken tinimbang taoen '19—'23. Ing wekdal gangsal taoen ingkang andemenakaken poenika, kasipoen Negari dipoenisèni katah sanget déning papadjenganing woeloewedaling siti ngriki, i.p. langkoeng 170 joeta roepijah tinimbang wekdal gangsal taoen ingkang memelas waoe. Kadjawi karèt, ingkang oeroen katah: papadjengan timah, wonten 127 mlijoen. Kala taoen '27 papadjengan timah kalebet ondjo pijambak katimbang taoen sanèsipoen, i.p. 75 mlijoen. Nanging margi mloroting regi, ing taoen '28 papadjengan timah boten langkoeng saking 53 joeta.

Indaking pamedalipoen pakarjan Nagari kados déné sepoer, P. T. T. (post, tilgram, tilpon), inggih angindakaken isining kas Nagari.

Pamedal saking paos, boten sanget-sanget anggènipoen boten njenengaken, manawi katanding kalijan wekdal '19—'23, margi samangké (tn. '24—'28) ratjak pikantoek 345 joeta ing dalem sataoen.

Pamedal saking invoerrechten [2]), uitvoerrechten [3]) sarta accijnzen [4]) oegi tansah andedel; salebetipoen tn. '23—'28 saged njoekani soembang soeroeng kasing Nagari 47% oetawi 175 joeta roepijah. Kala taoen '25 Nagari ngwontenaken statistiekerecht. Poenika inggih saged mewahi bandanipoen Nagari, wonten: 16 joetan roepijah (wiwit tn. '25—'28). Kadjawi poenika éwah-éwahan zegelordonantie [5]) kala taoen '21, verponding lss. oegi anglemakaken kasipoen Indija.

Salebetipoen taoen '24 — '28 goenggoeng kempaling landsmiddelen jèn katanding kalijan salebetipoen djaman gangsal taoen kapengker, mindak dados 590 mlijoen. Oegi ing salebetipoen taoen '24—'28 poenika, Nagari saged ngirit gewone uitgaven katahipoen 90 joeta.

Déné buitengewone uitgaven ing taoen '24—'28 waoe inggih boten patosa katah, awit ratjak namoeng 45 mlijoen; mangka kala taoen '19—'23 buitengewone uitgaven ratjak 115 mlijoen ing dalem setaoen.

(De Tijd).

1) Banda.

2) Perbéjaning nglebetaken barang mriki.

3) „ ngedalaken „ saking ngriki.

4) Paosing barang-barang saantéro tetedan.

5) Regining prangko.

Sesorah Harjadi.

Sesorahipoen sdr. F. Harjadi ing parepatan P. P. K. D. 12 Mei 1929, wonten ing speelloods Broederan D. K. prakawis „Kamardikaning agami", kirang langkoeng kados ngandap poenika:

Ngajodja poenika kénging kawastanan centruming kaoem katholiek, oepamia Ngajodja poenika boten wonten ing Ngajodja, nanging oepami ing Magelang, poenika badé gampil pamilihing bab sesorah; nanging bab poenika saja dangoe malah saja kaleresan poen pamilih waoe, malah tjoendoek kalijan betahing sdr. Ngajodja i.p. Kamardikaning Agami.

Menggah wewenanging tijang nglampahi agami, poenika negari boten ngawisi babar pisan, angger boten ngrisak tata-tentreming pangrèh pradja. Negari sampoen ngawontenaken oendang-oendang pranatan bab panindaking agami, i.p. kaseboet 173 doemoegi no. 178 I.S.

Pranatan no. 173 I.S. njebataken, bilih saben tijang kénging nganggé agami sakadjengipoen, waton boten neradjang wetting katentreman. Ing ngriki pamaréntah nganggep sadaja agami sami aosipoen, boten mbédakaken agami ingkang sanjata toewin agama-agamanan. Gandèngipoen kalijan bab poenika sekolahan-sekolahan ingkang angsal subsidie saking pamaréntah inggih warni-warni, boten mawang dateng agami poenapa kémawon. Dados kanggéning tijang sepoehipoen laré saged manasoeka pamilihipoen, seneng Nétral inggih kalebetaken dateng Nétral, seneng Bijbel inggih kalebetaken dateng Bijbel, seneng katholiek inggih kalebetaken ing pamoelangan Katholiek etc.

Menggah ing tanah kita ngriki bab wewenanging agami (manoet I.S. no. 173 doemoegi no. 178) nama ageng sanget, awit ing tanah kita ngriki, kita

a. wenang milih agami sapoeroenipoen.

b. wenang nglampahi cepatjaraning agami kados adat.

c. wenang mentjaraken ing sanès, manawi angsal idin.

d. wenang ngawontenaken pakempalan ngrembag betahing agami.

Bab wewenang ingkang semanten agengipoen poenika kedah kita akeni, awit ing wekdal sapoenika oegi wonten negari ingkang boten maringi wewenang babar-pisan dateng tijang siti nglampahi agami, oepami ing Mexico, tetijang priboemi katholiek sanget anggènipoen dipoenkoeja-koeja, margi anggènipoen netepi wadjibing agami. Ing tanah Welandi djaman roemijin tetijang ingkang mlebet ing grédja poenika kedah mbajar prabéja.

Djalaran saking poenika waoe, kita kedah ndjagi sampoen ngantos wewenang kita mengkeret, jèn saged malah kaoedi saja mindaka.

Menggah ingkang ndjagi wewenang poenika sinten?

Kita boten kénging masrahaken poenika waoe dateng para Rama Pastoor, awit ingkang anggadahi wewenang poenika boten ngemoengaken Rama Pastoor, nanging inggih koela sadaja. Pramila koela sadaja ingkang wadjib ndjagi lestantoening wewenang.

Kados-poendi rékanipoen ndjagi lestarining wewenang? Rékanipoen ndjagi lestantoening wewenang poenika, kedah anglahiraken sarana-sarana ingkang djedjeripoen ngrembag bab poenika. Sarèhning ngrembag wewenang poenika gandèng kalijan bab politiek, mila srana lahir ingkang tjespleng pijambak inggih poenika nglempak dados satoenggal wonten ing pakempalan politiek kita, i.p. P. P. K. D. Ing ngrikoe kekijatan kita saged nglempak dados satoenggal, gampil nanggoelangi babaja-babaja ingkang saking djawi.

Koela atoeri ènget sadèrèk, mengsah kita saja ngangsek panempoehipoen, milanipoen kita kedah saja kekah pandjagining bètèng kita, lan kedah saja waspada ing pakèwed.

Kadjawi poenika taksih wonten malih srana kanggé ndjagi wewenang kita, i.p. srana kebatosan (sembahjang), nanging boten koela andaraken ing ngriki.

I. S. no. 174 anjebataken bilih tetijang kénging ngawontenaken pakempalan kanggé ngrembag oepatjaraning agami, wonten ing papan ingkang katoetoep, toer sok tijanga kénging nenggani, djangdji boten damel resah.

Djalaran saking poenika, mesdjid, klentèng, grédja, saantéronipoen, kasedijakaken kanggé tetijang sadaja, waton boten ngrisak tata-tentrem.

I. S. no. 177 njebataken sok tijanga kénging mentjaraken agami, nanging kedah angsal idin saking pandjenenganipoen Gouv. Gener. oetawi saking ing sanès, ingkang sampoen angsal pangoewaos. Bokmanawi wonten ingkang pitakèn, poenapaa ing Sibolga boten kénging karawoehan Rama Pastoor, ingkang badé mentjaraken?

Tanah Sibolga ing Bataklanden menggahing sapoenikanipoen tetijang ing ngrikoe katah ingkang sampoen ngrasoek agami Protèstan; mangka badé karawoehan Rama Pastoor ingkang oegi amentjaraken agami, gèk ing tembé wingkingipoen kantja Protèstan kawon desoekipoen, ing ngrikoe tamtoenipoen ladjeng andadosaken kirang trimahing sdr. Protèstan, wasana kénging dados embèn wingking ngawontenaken . . . ., mila inggih dipoen awisi.

Kados déné ing Bali oegi mekaten, Rama Pastoor kaawisan mentjaraken agami ing ngrikoe, kakoewatosaken déning paréntah bab bilih ing tembé wingking wonten reresah.

Bab mekaten poenika waoe saking pamanggihing pamedar sabda, namoeng pangoeda raosipoen ngrika, jèn kanggénipoen ngriki poegoeh boten badé wonten poenapa-poenapa. Tandanipoen ing tanah Djawi ngriki kok inggih ajem kémawon, boten ngrisak katentreman babar pisan.

Prekawis mentjaraken agami, kanggéning Rama Pastoor, goeroe agami, poenika kedah angsal idin saking G.G. Sapoenika menawi kanggé sdr. Islam, kjai-kjai oetawi sanèsipoen, poenika tjekap namoeng soeka kabar dateng pangageng; poenapa malih teosopi, abritan, oegi tanpa idin. Bok poenika boten dipoen bédak-bédakaken mekaten, awit manawi kita nitik sadaja hak ing wewenang sami kémawon, dados ambédakaken inggih oegi dipoensingkiri.

Menggah ingkang dados ngesing atoer nginggil poenika namoeng minangka ngantjang-antjangi, sapoenika ladjeng mloempatipoen wonten ing ngriki. Kita kedah boten goemoen oetawi boten kèloe dateng tindaking sanès, ingkang njidam kamardikan. Awit kamardikan ingkang kaoedi waoe dèrèng kinanten manawi saged njempoeloeraken hak-ing wewenang kita bab agami. Sanadjan oepaminipoen dipoensagahana pisan: „Soek nèk olèh kowé dak sagoehi wewenang sing akèh banget," kasagahan poenika tamtoe namoeng lamis, boten badé medal wohipoen, awit tjeta sanget bilih boten noenggil toedjoe kalijan kita.

Mila sadèrèk P.P.K.D. koela atoeri ngatos-atos, sampoen ngantos kèloe ing memanising lijan. Koela atoeri menggalih ing samateng-matengipoen kalijan pamong kita hoofdbestuur P.P.K.D. — (Keplok!)

L. Jadiran.

Poetoesan P. P. K. D.

Pangrèh Ageng P. P. K. D. wonten ing parepatanipoen kala tangg. 12 Mei 1929 manggèn ing Langenardjan Ngajodja,

Maos:
serat saking tjab. Banjoemas dd. 14-4-'29., ingkang soeraosipoen boten ngakeni communique saking P. A. dd. 5-3-'29. lan boten poeroen njaboet ma'loematipoen dd. 2 September 1928,

Njoemerepi:
menawi tjab. Banjoemas nggadahi tindak malih, ingkang soelaja kalijan prenataning pakempalan, margi nradjang art. 26. Huish. Reglm.,

ngGetoeni:
déné prekawis, ingkang pantjènipoen namoeng dados rembagipoen P. A. kalijan tjabang (huishoudelijke aangelegenheid), boten kapatjak ing koran kita pijambak, nanging malah ngantos kawedal ing koran-koran sanès, ingkang babar pisan boten magepokan kalijan prekawis poenika,

Ngroemaosi:
bilih boten wonten sebab-sebabipoen ingkang goematok kanggé ngéwahi poetoesaning P.A. ing bab tradjangipoen tjab. Banjoemas anggènipoen ngedalaken ma'loemat dd. 2- September 1928, kados ingkang kawrat ing communique dd. 5-3-'29 ing S. K.,

Moetoes:

1. medot gandèngipoen P. A. kalijan tjab. Banjoemas, sadangoenipoen tjabang waoe dèrèng njaboet ma'loematipoen, kados panedanipoen P. A.
2. ngintoenaken toeroenanipoen poetoesan poenika dateng sadaja tjabang-tjabang saha dateng Sw. Tm. lan S. K.

MOEDA POEROEHITA.

Saking Bureau Onderwijsraad.

Saking Bureau Onderwijsraad kita Redactie Sw. T. tampi serat, soepados amatjak pakrawis ing ngandap poenika.

COMMUNIQUÉ.

Onderwijsraad.

Kala tanggal 7, 8, lan 10 Mei, onderwijsraad parepatan, warganipoen andatengi sadaja.

Ingkang karembag:

Pambangoening (reorganisatie) Kweekschool toemrap goeroe èstri Priboemi, sarta Fröbelkweekschool Bandoeng;

Astagina (handenarbeid) wonten sakolahan andap Kilénan (Westersch Lager Onderwijs; . . . . toewin:

Pandapoeking bibliotheek kanggé moerid-moerid.

Babagan rembag ingkang nomer satoenggal, parepatan najogjani kinderhof-gedachte ingkang sampoen kerep dipoenadjengaken déning toewan Toot. Para goeroenipoen kedah wedalan Fröbelkweekschool, ingkang sasampoenipoen sakolah kawan taoen, saged moelang wonten kinderhof sa-voorklas-ipoen. Déné tataran nginggil kalih taoenan, angedalaken goeroe ingkang sampoerna kasagedanipoen toemrap kiderhof, sarta dados kapalanipoen kinderhof. (Leerkrachten dienen abituriënten eener Fröbelkweekschool te zijn, die na een 4-jarige opleiding tot en met de tegenwoordige voorklas kunnen lesgeven. Een tweejarige bovenbouw leidt dan op tot volledig bevoegde leerkracht en hoofd van den kinderhof.)

Sadèrèngipoen tataran nginggil kalih taoenan poenika wonten, piwoelang ing voorklas, kedah manoet tjaranipoen Fröbelkweekschool èstri ing Salatiga, mligi kanggé laré èstri ingkang tjalon dados goeroe wonten H.I.S. sarta manawi perloe oegi dados goeroe wonten sakolahan-sakolahan vervolg èstri. Leerplan-ing kweekschool poenika, kedah ngèngeti sanget pangadjabing panggoela-wentah ingkang saé toemrap laré èstri.

Ing parepatan ngrikoe amastani bilih sakolahan ingkang matoek pijambak kanggé ngipoek tjalon goeroe èstri meisjesvervolgscholen, poenika normaalschool.

Prakawis astagina, pangrembagipoen boten ngantos boetoel. Parepatan amanah prajogi kasinaoea kémawon roemijin.

Babagan bibliotheek kanggé moerid-moerid, parepatan moetoes: boten perloe ngwontenaken centralisatie kanggé wedaling boekoe. Kaprajogèkaken soepados saben schoolcommissie wonten tijangipoen ingkang tinanggenah ngawat-awati sampoen ngantos ing bibliotheek kalebetan boekoe awon. Sarta, moegi Departement anjoekanana boekoe saé-saé ingkang ngemot tjekakaning isinipoen serat-serat sawatawis dateng sakolahan.

Ing parepatan poenika toewan J. Toot gedelegeerd lid ngiras secretaris, pamitan perlop dateng Nederland.

Gambaranipoen laré Indija wonten nagari Djepang.

Gandèng kalijan anggènipoen Indija angintoenaken gagambaranipoen laré sakolahan ngriki dateng Djepang, Directeur O. en E. pikantoek serat saking „Pakempalan énggal kanggé piwoelang Anggambar" ing Djepang, kados ngandap poenika:

„Kala taoen kapengker, „Pakempalan Énggal kanggé Piwoelang Anggambar" sarta Kalpis Maatschappij anglempakaken gambaranipoen moerid-moerid Djepang, ladjeng kasoekakaken moerid-moerid sakolahan Indija-Nederland loemantar Oetoesan (Gezant) Pandjenengan, minangka tjihnaning tresna miwah pangadji-adji. Samangké kita pikantoek gambaran ingkang makaten katah sanget damelanipoen moerid-moerid Indija, inggih sanget anggèn koela matoer noewoen. Awalipoen woelan Mei gambar-gambar waoe badé kapitontonaken wonten ing Museum-ipoen Departement Onderwijs, sarta sateroesipoen oegi badé kapitontonaken wonten ing papan-papan kita-kita ageng ing nagari ngriki.

Manawi sampoen kapitontonaken, gambaran-gambaran waoe, tjalon kaedoemaken dateng sakolahan pinten-pinten ing Djepang, kénginga kanggé kapoerantosing piwoelang anggambar ingkang èdi.

Legawa sarta soemanakipoen laré-laré Indija, ndonja ngakir badé tansah kita ènget-ènget kanti panarimah. Koemandeling manah kita, gegambaran waoe badé reréntjang katah sanget amrih raketipoen laré-laré nagari Djepang kalijan Indija-Nederland, poenapa déné toemrap sakalih-kalihipoen inggih badé ngindakaken raos sadérékan.

Èstining manah, anggèn kita ngatoeri serat poenika, namoeng badé mahjakaken genging panarimah kita lahir batos, déné wohing lampahpamitranipoen laré Indija saged saé.

Kaparenga ing ngriki kita angatoeraken bilih tentoonstelling waoe badé kapotrèt, sarta sakedap malih Pandjenengan badé kita atoeri kartoepos-gambar oetawi gambar sanèsipoen ingkang gandèng kalijan prakawis poenika.

2 April 1929.

Atas Nieuwe Vereeniging
voor Teekenonderwijs
De President
get. Masaki Naohiko.

VARIA.

Katoela-toela katali.

Sadèrèk! Djaman samangké gotrah Katholiek sampoen katah sanget, soemebar ing poendi-poendi. Nanging koetjiwa, déné mèh sedaja, noenggil pakarjan, i.p. goeroe, ingkang angèl lan rekaos gesangipoen, kados koela poenika.

Koela poenika goeroe Goepermènan; ingkang soewaoe katetepaken wonten satoenggiling panggénan ingkang kinoebeng ing goemoek lan paredèn. Sampoen mesti kémawon boten badé pinanggih pastoor; kedjawi ta jèn poeroen mrelokaken dateng kita ageng (oep. Poerwakerta). Wah kados poenapa kémawon soesah koela. Éwa-déné, Goepermèn meksa taksih ngresakaken malih. Lo . . . . . ngresakaken poenapa? Mindah koela dateng doesoen alit (doekoeh) ing sapoetjaking paredèn, tanpa kanta tanpa kanti, kedjawi mantri goeroe lan koela toewin inlichter (toekang soentik). Kantja R.K. boten gadah.

Pandjenengan sedaja temtoe sami saged menggalih, kados poenapa soesah koela. Badé pados kasenengan, boten wonten. Noempak kapal . . . . ?

Wah; dèrèng ngretos-ngretosa.

Noempak gondang-gandoeng (pit)? Ah, tenèh kegloendoeng ing djoerang . . . . ! La poenapa? Poenapa plesir dateng kita? Wadoeh . . . . , poenika noenggang taja badanipoen pijambak jèn mekaten. Kados-poendi? Inggih, awit tebih sanget (namoeng 42 pal doemoegi kaboepatèn Bandjarnegara wongsal-wangsoel) toer merginipoen linapis ing djenang (boeboer) siti, alijas endoet oetawi bletok; lan krikil lantjip-lantjip notjogi soekoe. Ngèwedaken inggih? Sinten saged metèk kasenengan koela?

Makaten: Ningali ngadjengan, soemerep pepoendèning tijang ngrikoe (wonten poetjoeking goemoek), ngoengak wingking, soemerep wana toetoepan, ingkang terkadang wonten simanipoen. Méngo menengen, manenga dateng djoerang tjeroeng toewin goemoek apepoentoekan tarik-tarik angresepaken. Nolèh mengiwa, mireng oengeling ketèk meré, kerah areboet mangsan.

Adoeh, ... kados rinoedjit-roedjit manah koela; noengsang ndjempalik boten towong, niba tangi tanpa kèndel.

Ing sadinten-dinten koela tansah sesambat amelas asih, neda pitoeloenganing sanès, nanging tanpa goena. Woesana koela ladjeng moepoes, angèngeti: Sangsara lan mijos Dalem Sang Kristoes ing donja, sarana maos boekoe warni-warni, langkoeng-langkoeng boekoe: „In den strijd tegen de bekoringen (sadjroné prang karo panggoda)." Temahan manah koela ragi saged tentrem sakedik. *)

Taklim koela saking tijang kapentjil.

F. S. D.

Andremimis.

Noewoen; manawi pandjenengan maos bab ing nginggil poenika temtoe boten kekilapan ladjeng manggalih bab tegesipoen. Mila bab teges koela borongaken para maos sadaja; kedjawi poenika pantjèn koela inggih boten badé ngrembag bab tegesipoen; déné koela namoeng badé nganggé sekedik ingkang soeraosipoen andremimis.

Ing Swara Tama taoen kepengker (sampoen kesoepèn nummeripoen), Comite „Grédja Kalibawang" sampoen naté matjak ingkang soeraosipoen njoewoen toeloeng dateng para bestuuring pakempalan Katholiek, soepados karsa nglempakaken dana kanggé soembang-soeroeng adegipoen tjalon grédja waoe. Woesana sampoen klampahan sadaja, sarta inggih sampoen angsal dana saking para sadèrèk Katholiek wonten sawatawis katah. Mila Comite tansah ènget atoer panoewoenipoen dateng pitoeloengan waoe. Namoeng kémawon sarèhning Kalibawang poenika tebih lèr, kidoel, wétan toewin kilèn, ingkang tjelak namoeng nginggil, dados inggih awis poenapa-poenapa. Ingkang makaten waoe andjalari ngatahaken wragading tjalon grédja ingkang badé dipoendegaken poenika. Ing sarèhning wragad ingkang sampoen wonten dèrèng djangkep kalijan rantjanganipoen, pramila Comite réka réka ngwontenaken loteré barang, bebatènipoen kénginga kanggé nambahi sakedik-sekedik.

Netepi tetemboengan ing nginggil, (andremimis) Comite njoewoen malih dateng para bestuuring pakempalan, oetawi dateng para sadèrèk ingkang maos Sw. Tm., moegi karsa ngandaraken dateng sadèrèk ingkang boten ngebon Swara Tama toewin ingkang dèrèng mangertos, bilih Comite „Grédja Kalibawang" ngwontenaken loteré barang. Menggah tjatjahing lot wonten 1000, reginipoen boten awis, namoeng mirah kémawon à f 1. Tjatjahing prijs ingkang angsal 60 idji, mangka prijsipoen adi pèni. Déné ingknag ngresakaken moendoet, kénging milih ing salah satoenggiling panggènan ingkang katjeta ing ngandap, inggih poenika:

Pastoeran Mendoet.
R. S. Widyaatmadja 2e. schopl Kalibawang.
Pastoeran Moentilan.
„ lan Zusteran Magelang.
„ „ „ Ambarawa.
„ Ngajodja (Kampementstraat).
„ Solo.
„ Klatèn lan kénging moendoet dateng M.M. Soemaatmadja mantri goeroe Standaardschool Gandjoeran.

Mangga toemoenten sami énggal, mangké mindak selak boten komanan.

Mangga, mangga, ingkang kersa moendoet, koela tanggel temtoe wonten ingkang angsal fiets, oetawi mesin, botenipoen inggih angsal djam Wisminster. É, apes-apesipoen mesti angsal kertas idjem (inggih poenika lotipoen). Soepados pandjenengan saged angsal barang warni tiga waoe, prajoginipoen prijantoen satoenggal moendoet tiga, botenipoen inggih gangsal.

Sampoen, samanten kémawon. Sapoenika koela atoeri mbadé poendi andi anggènipoen andremimis.

Koela ingkang ngantoe-antoe pamoendoet pandjenengan.

Secretaris C.G.K.
Poen W. Srimas.

*) Karangan poenika tjelak, toer sadjak namoeng anggepok saliranipoen ingkang ngarang; nanging njatanipoen katah kadang Katholiek ingkang sami „keslempit" kados sad. F.S.D. lan kinepang ing prekèwed kados sliranipoen. Déné anggènipoen asring boten „saged tentrem sekedik," djalaran boten kagoengan, kagoengana boten sami kersa maos serat wasita-tama. Mila, boten kétang sekedik, tijang Kath. kedah gadah bibliotheek waosan saé, napak-tilas angka satoenggal.

RED.

Karoekoenan Moentilan.

Serat kintoenan.

(Sadjawining tanggelan Redactie.)

Katoer ingkang Raka: Trie-ma, Ingkang raji sampoen maos kagoenganipoen „Karoekoenan ing Moentilan" kaseboet wonten Sw.T. no. 16.

Kaseboet ing kagoenganipoen „Karoekoenan Moentilan," Kamas mawi moendoet pirsa „Kados-poendi jaji mederedacteur, tjotjog poenapa boten? Sampoen awrat sisih lo panimbangipoen, mindak ndjomplang!"

Kawoeningana! Pakatikipoen Sw. T. ingkang nomer kalih, sinengker! Pijambakipoen mandjing wonten alam madyasta. Lampahipoen boten djoelalatan, toemoengkoel loemampah teroes! Koela bengoki, koela tjeloek, boten poeroen nolèh! Koela toetoeti, koela endeg, boten mandeg! Koela wartosi jèn pandjenengan pitakèni, saketjap kémawon boten njebawa! . . . „Ora genah ané! Ora sanak oewong, koewi!" — makaten batos koela.

Mila, moegi kamas sampoen kirang pamengkoe!

Kamas! Moegi andadosaken pamirsa, koela poenika sepijoenipoen (mede) redacteur Sw. T.! Menawi wonten nalar wigatos, koela tinanggenah ngoepados katrangan, sarta angoelir boedi. Mangké menawi sampoen, ladjeng koela atoeraken! Déné atoer koela dipoen-gega oetawi boten, poenika dédé bebahan koela. Watonipoen: koela sampoen netepi wadjib.

Gandèng kalijan rembag „Karoekoenan Moentilan" ingkang raji oegi sampoen anindaki anggènipoen dados sepijoen.

Koela sampoen njoemoek-njoemoek sarta anilingaken raosanipoen kartja Katholiek ing Moentilan. Grenengipoen kénging karingkes makaten:

I. Bab „Plok, Plak, Plik!" Swanten ingkang sampoen koela pireng ratjak sami boten saged najogjani. Tijorinipoen pantjèn saé sanget, nanging boten badé saged toemindak. Kalijan malih, leres sami déné gadah labet; ananging labetipoen prijantoen ageng anjarambahi sadaja golongan prijantoen, déné ingkang alit boten makaten.

II. Bab „Verantwoording": salaminipoen oeger wonten tarikan oeroenan oegi toemindak dipoenwonteni verantwoording, nanging boten dines-dinesan. Tegesipoen: namoeng kawartosaken dateng satoenggal-toenggaling golongan ingkang dados warganing comité.

FILM ALIT-ALITAN!

Tanah Djawi.

Maos wonten ing N.v.d.D., N.v.d.D. njoeplik Loc, pawartos ingkang sampoen dangoe boten poeroen tilar-tilar sirah koela, makaten: Schatter pandhuis B. bawah Tegal, sad. S., domino. Anèhipoen boten anggènipoen domino, nanging anggènipoen domino ngantos . . . . . . 3 dinten 3 daloe. Woesana sad. waoe „kédanan" tegesipoen: bakda kasoekan sad. waoe . . . . . . éwah! Liding dongèng: manawi domino sampoen ngantos 3 dinten 3 daloe; poenika sirikan sanget, saged moeroegaken éwah! tandanipoen sad. Schatter.

Soemantrah.

Sad. koela katah ingkang remen milm. Koela katoet! Mangga mriksani „Pawarto Dèli" ngabaraken, bilih loeboek Sikaping wonten baji lair (ngriki inggih wonten ta, manawi namoeng baji lair kémawon!) djaler, nanging sareng oemoer sawoelan baji waoe malih dados èstri!!! Iki apa djaman „Moestakawèni mleboe maling"! poenapa kados-poendi? — Rèhné koela remen ngèlmoe-raos-kilap ingkang koela raosaken oetawi koela raosi! — pamanah koela, mangka gèk P. D. („Pawarto Dèli" lho, prijantoen, sanès P.D. ingkang roèmijin djedal-djedoel ngedali, samangké kèndel kémawon, ngantos koela samari engko gèk ketjemploeng Digoel margi spreekdelict, poenapa kados-poendi, poenika!) namoeng njemoni sadèrèk koela nèm-nèman: ingkang djaler sami remen tjara èstri, ingkang èstri tjara djaler!!

Djawi — Soemantrah.

Serat kabar padintenan sami martosaken bilih ing onderneming Kotari (Soemantrah pasisir Lèr) wonten koeli Djawi sami ada-ada pakempalan kominis, déné ingkang kénging mlebet namoeng sadèrèk. Djawi tok. Nanging sami ketjepeng. Ketjepengipoen, margi warga sawatawis, sareng mireng toedjoening pakempalan, sami medal; lha sami dipoenoela-oela-dawa déning para warga setya, ngantos sami doemoegi roemah sakit! — Déné kontriboesining pakempalan tjalon kanggé ngragadi kontrakan béndjing 1 Mei 1930!! — Jèn sad. lombok-abrit poenika sami doemoegi Digoel, mangka badé neroesaken sedyanipoen, dados béndjing 1 Mei 1930 badé wonten ramé², ramé-raméning kominising kominis!

Éropah, oetawi Mussolini lan . . . pisang.

Mussolini ngawisi nglebetaken pisang dateng tanah Itali.

Njonjah Inggris noempak motor saking Monte Carlo badé dateng San Remo. Doemoegi wates Itali, kaendeg; kaglédah, pinanggih mbekta pisang 6. Rembag ramé!: „ming gedang wé kok!" „Lha, gedanga ké wong dilarang!" „Lha ja nèk se-grebong, lha moeng nem waé kok nganggo . . . . . . !" „Jha nema ké rak ja gedang!" Makaten doegi-doegi anggènipoen paben. Tjekak. Njonjah Inggris dipoenbang: wangsoel dateng Prankrik; poenapa neda pisangipoen wonten ngrikoe . . . . . Pisang kateda, nanging dèrèng pikantoek $^3/_4 \times 1$ pisang, njonjah sampoen sakit padaranipoen . . . . . ! Oepas-djagi-wates welas! Njah Inggris kénging teroes. Poenika saénipoen padaran sakit (D. T. 2 Mrt. 1929).

Amérikah.

Taoen poenika Amérikah Lèr tijang ingkang blandjanipoen 1 taoen langkoeng 1 mlijoen dollar (1 dollar = f 2,50) wonten 283, ingkang langkoeng saking 5 mlijoen 10. Dados tijang 293 poenika 1 taoenipoen tampi 283 mlijoen + 50 mlijoen = 333 mlijoen dollar = 832,5 mlijoen roepijah.

Manoet jaaroverzicht Ned. Indija, taoen 1927, blandjanipoen abdi-negari (landsdienaren) f 170. 310. 100.

Mangga ta, blandjanipoen poenggawa Negari sa-Indonesia, djeboel boten wonten $^1/_4$-nipoen!

Blandja ngriki ingkang kapaosan, kilap; paos blandja taoen kasboet wonten f 30. 829. 00.

Déné Amérikah Lèr blandja ingkang kénging paos wonten: 22. 573. 317. 907. dollar. Toblas, toblaas!

Moeter sirah!

Ing Betawi, Bandoeng, Djocja, Semarang, Soerabaja.... ing parepatanipoen para kempalan ingkang sampoen loemebet P.P.P.K.I. sami dedreg ngrembag angger-anggering Strafwetboek, art 153 saboentoetipoen.

Angger poenika ing basa-plajon nama „brangoes" sebab angger waoe ngawisi tijang njerat oetawi medar-sabda sakadjengipoen.

Bangsa alit sa-koela nama boten „ngilo gitoké" oepami badé ngritiek Mr. Mr. ingkang sami ngogèk-ogèk angger waoe.

Nanging poenika boten ateges, bilih tijang ingkang sanès Mr. ladjeng namoeng kedah „belo mèloe seton"! Toer oepami para pangandjoer waoe namoeng dipoen-belo-mèloe-setoni kémawon déning tijang sanès, temtoenipoen inggih, boten dados kersanipoen, djer pandjenenganipoen sanès pangèn minda oetawi maésa.

Pramila koela roemaos ngenggèni hak koela, mahjakaken pamanggihipoen pijambak. Tjobi, kalilana koela ndongèng, toeroet poenapa boten anggèn koela nggatoek-nggatoekaken.

Pangerèh lan ingkang kaerèh, oetawi Negari lan Poeradjana toedjoening pangoedi-daja dateng satoenggal, i.p. katjekaping betahipoen tijang sapradja. Mila bédaning Pangerèh lan Poeradjana boten ateges: „Pangerèh dadi pangoné Poeradjana, oetawi Poeradjana dadi pangoné Pangerèh!" boten! sadaja rembag kawawas ing magepokanipoen kalijan tijang sapradja; mila panedaning tijang sagolongan, kalih golongan, oetawi satoenggal kalih, kéngingipoen kaleksanan namoeng menawi boten damel pitoenèning oemoem. Jèn gandènging Pangerèh lan Poeradjana kawoedjoedaken wewenang, temboengipoen: Pangerèh koedoe ngajomi, Poeradja wadjib diajomi. Wadjib „ngajomi" lan „diajomi" poenika sagedipoen toemindak namoeng menawi Pangerèh „Saged" ngajomi — Radi moemetaken! — Pangerèh sagedipoen ngajomi, namoeng menawi Pangerèh „gesang". Pramila Pangerèh gadah wewenang nglampahaken tindak amrih gesang oetawi „lestantoen wonten." — Tjeplosipoen Pangerèh gadah wewenang damel awisan, ngawisi sadaja pratingkah, ingkang badé damel risak oetawi sirnaning Pangerèh! Lha sapoenika doemoegi Strafwetboek art. 153 saboentoetipoen.

Art. kaseboet ngawisi tijang njerat lan witjantenan ingkang saged ngawontenaken héra-hèroe, oetawi mitoenani dateng Pangerèh. Wonten ing ngriki art. 153 mila awoedjoed sarana, sarana dateng toedjoe. Bab toedjoe, kados atoer koela ing ngadjeng, sampoen boten kénging dipoenoekiri. Jèn kita boten saged ngoekiri mapaning toedjoe, kita kedah oegi ngakeni: kedah wonten sarana-sarana sampoen wonten, i.p. art. 153, nanging kapaben boten dipoentarimahaken sebab njoeda kamardikaning Poeradjana. Ing ngriki gagasan koela: kabèh-kabèh koedoe ana watesé; sanadjan kamardikan (i.c.) inggih kedah wonten watesipoen; watesipoen i.p. boten kénging tijang njerat ngantos ngawontenaken héra-hèroe. Pepoentoening rembag wonten ing héra-hèroe ngrikoe! Mila rèhné ingkang sami ngrembag bangsa Mr. Mr. (in de rechten), sakoela njadang katerangan saking para Mr. Mr.: poenapa ingkang dipoenwastani makaten manoet Pangerèh lan manoet para Mr. (dedasar rechtswetenschap), soepados mangertos poenapa saleresipoen ingkang kapaben, temah tetijang ingkang sami noemoeti salah satoenggalipoen terang poenapa ingkang dipoentoemoeti. Awit pamedar-sabda sampoen katah, nanging poesering prakawis poenika dèrèng kadoemoek.

Pramila.

PANOENTOENING LARÉ.

Sambetipoen Sw. Tm. no. 16.

ing pamoelangan, wonten satoenggaling laré ingkang kapidji dados pangarsaning klas, laré sanèsipoen ingkang roemaos langkoeng ageng, ing batos sami boten narimahaken, sengadja badé damel rekaosipoen ingkang kapatah mangagengi waoe. Ananging tindak-tandoekipoen pangarsa sarèh, ingkang dipoenlampahi boten maodeg toemolèh, tatag-teteg manahipoen, sarta poeroen njaroewé tindak ingkang boten ndalan, woesananipoen laré waoe gadah prebawa, ndadosaken saénipoen.

Prakawis ageng ingkang kedah kagatosaken ing atasing nggoelawentah, inggih poenika njoemerepi wewatekaning para laré. Sasampoenipoen soemerep, botjah iki kesèd, kaé ora doewé kekentjenganing ati, ikoe seneng goroh, lan sapanoenggilanipoen, ladjeng mboedi-daja, ngoepados réka kados-poendi lados-ladosaning satoenggal-satoenggaling laré waoe. Awit boten kénging laré kagebag ratjak dipoenkerengi, oetawi dipoenerèh kanti sarèh, dipoeneloes. Ingkang mekaten waoe goeroe kedah ngèmoeti dateng kawontenaning wewatakanipoen moerid satoenggal-toenggalipoen, sampoen ngantos katjaroek banjoe, kagebjah kaja oejab. Pangarah-arahipoen karangkepana teranging pamboedi, ngjaktosana raosing manahipoen laré panoedjoe kados-poendi, poenapa prajogi kinerasan, ananging kedah émoet toedjoeaning paoekoekoeman inggih poenika badé ngleresaken, poenapa saé dipoenaloes, ananging sampoen mikawon. Goeroe ingkang ngoedi adjrihing laré, oetawi pambangoen-mitoeroetipoen sarana panggiri-giri, dipoenpentelengi, temtoe badé kerep ketjoewan. mBangoen-mitoeroeting laré poenika manawi sampoen kénging manahipoen. Ingkang limrah laré poenika manawi roemaos dipoen-gapé, roemaos dipoenprenahaken, pambangoen-mitoeroetipoen inggih gampil.

Pedamelan nenoentoen, anggoela-wentah poenika dédé prakawis baèn-baèn. Lampahipoen moelang-moeroek kedah nganggé gegaran waton ingkang saé, linambaran boedi-wening, liripoen ngretos ingkang badé dipoenlampahi, menawi kepèpèt amranggoeli prekawis ingkang angèl. Kedah sregep, boten adjrih oetawi wegah kangélan, sarta sabar sarèh. Mila ing atasing noentoen laré kedah kerep takèn-takèn dateng ingkang ketingal saged, nenitèni lelampahan, maos-maos serat ingkang migoenani, sarta nalìti tindakipoen pijambak ing bab anggènipoen moetjal. Prajogi sanget takèn kados-poendi tjaranipoen moelangaken satoenggiling bab, ananging kedah ngèmoeti oegi dateng kawontenaning badanipoen. Réka ingkang katindakaken satoenggiling kantja saged kelampahan saé woesananipoen, éwasamanten dèrèng kantenan manawi kénging katiroe. Awit wataking satoenggal-satoenggaling goeroe poenika béda-béda, dados tradjangipoen inggih kepeksa béda. Goeroe ingkang boten loetjoe, menawi badé niroe tindakipoen kantja ingkang saged damel goedjeng, asring malah plingkoeran, awit ketingal damelan. Mila bab poenika prajogi ingkang waspada. Sampoen koela atoeraken ing nginggil, menawi ngoedi soepados laré noeroet, poenika boten prajogi pineksa nganggé karosan, oetawi sarana pentjerenging mripat. Langkoeng ageng pikantoekipoen jèn dipoenréka sarana pitedah saé ingkang noentoen dateng koewadjiban, sarta sarèh saha telatos toer rinangkep pada prebawa. Prebawa poenika dajanipoen saged ngendakaken manah ingkang koemingsoen, sarta ngoendoeraken pikadjengan ingkang kemadjon. Kawontenaning laré mbangoen-mitoeroet ingkang limrah boten awit roemaos, kawon rosa, oetawi kawon pinter. Ananging margi tindaking goeroe ingkang tatag, sarta boten mangoe-mangoe, sarta kerasing panjepengipoen.

Sawenèhing goeroe wonten ingkang boten maèloe dateng dajaning prebawa, sarta gadah panginten menawi laré poenika langkoeng saé tinoentoen sarana pitedah, lan dipoensoemerepaken ing wadjib satjaraning tijang ingkang sampoen ngretos preloening tijang njamboetdamel. Dados samangsanipoen sampoen diwasa, sampoen boten ketji-

(Warga comité mendet prijantoen saking golongan warni-warni.)

Makaten Kamas, reraosan ingkang koela pireng saking kalangan kalangan Katholiek ing Moentilan.

Déné koela pijambak boten saged narboekani. Djer temenipoen, prakawis poenika dados bebahanipoen comité. Kalih déné malih, atoer koela ing nginggil toemraping sepijoen sampoen anjekapi.

Wasana, mangsi boronga!

Kemoening-djadjar 18 Mèi 1929.
Taklimipoen ingkang raji:
A. S. DWIDJASARAJA.
(sepijoenipoen emban Sw. T. nomer kalih.)

KOEROE SÉTRA.

Badé dados warganing kempalan, kok nggega kadjengipoen pijambak! djaman-poenapa wonten?.......

(Karangan poenika boeboekanipoen tjekakaning sesorahipoen sad. Harjadi. Rèhné sesorah, sanadjan boten sarowanipoen, sampoen kapatjak ing ngadjeng, mila boten sah dipoenkaping-kalihi. Panoetoeping poenggelan: Anggering Nagari njoekani wewenang dateng agami Katholiek, sanadjan dèrèng nama katah, toer wewenang waoe saged soeda jèn boten sirna, menawi Pangerèh kelampah gantos. Red.)

Pramila wiwiting sapoenika kita wadjib lan kedah andjagi wewenang samanten waoe, moerih sampoen ngantos soeda oetawi itjal. Déné srananipoen boten wonten sanès kadjawi namoeng ngempal-sasarengan njamboet-damel-madjeng sareng sahijeg!

Kerep kelampahan bilih laré-laré ingkang sesarengan adedolanan, oetawi tijang sepoeh ingkang ngempal djagongan poenika, sami: tjongkrah oetawi padoedon.

Makaten oegi kita, inggih makaten, boten béda; mila wontenipoen ladjeng: mong-ingemong.

Sinten ingkang nedya anggebjoer dateng pakempalan oetawi pasrawoengan: kedah saged mekak hawanipoen pijambak, awit bilih boten makaten, anggega manahipoen pijambak, boten predoeli babing oemoem, poen pakempalan: boten dojan."

Pangemong waoe kénging koela samèkaken brajat; tindakipoen prija lan wanita—saèmper tindaking pangrèh, sami pangrèh ingkang sami ngoedi kamadjenganing warganipoen — kados déné tijang sepoeh dateng anak. Sadaja sami njamboet-damel sareng moerih sageda metik woh ingkang sami badé karaosaken. Poen bapa lan bijoeng anggoelawentah anak moerih sageda ngladjengaken pakarjanipoen oetawi kénging dipoenaoebi ing tembé wingkingipoen; makaten oegi pakempalan .....

Mila boten samestinipoen jèn tijang kepéngin dados pangrèh, oetawi pangrèh poenika: namoeng pados nama, misoewoer — lsp.; genah katah warga ingkang boten tjotjog, boten seneng poenika tjrijosipoen malah: ora seneng — metoe....? lo mbok inggih dipoentiti sababipoen poenapa....

Makaten oegi tijang kedah saged milah prakawis; milah-milah satoenggal lan satoenggalipoen.

Katah kémawon prijantoen ingkang medal saking pakempalan amargi boten seneng lan pangrèhipoen.

loooo ... rak damel kapitoenaning pakempalan; manawi pandjenengan boten seneng, margi tindakipoen, kempalipoen kirang saé — mangga kasaèkaken...., boten anggega—? lah medala margi nginggilipoen pijambakipoen, prakawis boten seneng, sampoen katjampoer lan babing pakempalan, makaten poenika katah toenggilipoen, kadosta: voorstelipoen, boten katampi — medal, ngarang ing serat kabar, boten kapatjak — ladjeng ngawon-awon, njepèlèkaken, njingkoer.... toer kapok... rak katah kémawon ta....?

„Sampoen limrah" inggih makaten poenika mila limrah, nanging poenapa oeger limrah poenika saé..? mangga ta kagalih, poenapa tindak makaten waoe: sampoen mapan: saminipoen: oetang ora olèh teka: ngoenèk-oenèkaké." lo...?

Kadjawi makaten, kerep kémawon bilih pangrèh oegi toemindak makaten: kadosta: doemèh boten seneng lan tijangipoen, rembagipoen boten kapaèloe boten kagatosaken, doemèh tijangipoen bodo, dipoensapèlèkaken, rembag² dipoentilar, gadah voorstel inggih boten karembag, dipoenmingaken, ndak poenika ngemong? ndak poenika sampoen samestinipoen? mangga ndak ingkang sami kataman boten mangkel — ? Wonten satoenggal malih, i.p. kirang poeroen ngoerbanaken sarira: gebrek aan offervaardigheid."

Koela kerep kémawon soemerep pakempalan, pinoedjoe kempalan, oedreg anggènipoen: pilihan pangrèh.

Lo, kados-poendi ta, déné boten kersa? wontenipoen ngantos kepilih poenika rak pratanda: katrampilan ingkang sampoen ketingal, pratanda bilih pijambakipoen sampoen sami pitados, pretjaja!

Kapirsanana, poenika lo, betahing pakempalan taksih katah, bok inggih dipoenpitoeloengi....! „Ah boten saged" ingkang makaten poenika namoeng pandjenengan pijambak ingkang awewaton pangraos; nanging tijang-tijang waoe milih pandjenengan awewaton: kanjataan, awewaton: wedaring tindak pandjenengan... Lah... poenapa wegah....? Wegah ngoerbanaken sarira?

Samanten roemijin
Cordēēka.

Film Tjina.

Bangsa 25 taoenan sapriki ébah-ébahaning Chineesche intelectueelen béda lan abad wingi²; katah ingkang nggadahi tjita²......... journalist, poenika satoenggiling punt ingkang kedah kita tjatet, saking boekoe² wedalan Chineesche drukkerijen lan boekhandelaren. Wonten èmperipoen, saja ngèngeti katahing pers Tjina. Pers Indonesiers kawon katah lan kawon ageng. Pers Tjina jèn mbengok, katah ingkang wijar èstoe. Katah Journalist Tjina ingkang pers-delict-wonten ingkang-teroes kapeksa kondoer-tanah Tjina-tida' boléh kembali. Sampoen lami oegi Tjina njoewoen dateng Regeering, kasamèkna lan bangsa Walandi, Japan oetawi Siameezen: nanging dèrèng tampi wangsoelan ingkang maremaken. Margi kamenanganipoen kaoem Nationalist ing tanah Tjina, ingkang ladjeng ingakenan ing pradja-pradja sanès, ndadosaken minggahing grading bangsa Tjina. Bab gelijkstelling moentjoel dados rembag malih. Jèn familierecht ing tanah Tjina sampoen kaéwahan tjara Europa (kabaripoen wiwit 1 Jan. 1930). temtoe art. 163 ing Wet op de staatsinrichting tjalon éwah kasamèkaken lan Europa. Pers-Pers ing Indonesia dedreg ngrembag bab poenika, langkoeng² pers Tjina Soer. Handelsblad accoord, lan mastani: logiesch mangké Indonesiers inggih boten sandé angsal gelijkstelling oegi, via Tjina. De Indiesche Post orgaan kaoem Kapitalist katingal deg-degan, ketir², bijas, djalaran koewatos margi wontening gelijkstelling Tjina, mangké boten sandé..... Indonesiers oegi. Ingkang langkoeng ramé malih, prakawis Tjina totok lan pranakan, poenapa Tjina pranakan inggih katoet kasamèkaken, poenapa boten? Tjina pranakan katingalipoen mbingoengi, dèrèng gadah standpunt. Tjobi koela atoeri toelada sawatawis mendet rembag-rembag saking pers-pers Tjina persoverzicht Tjina. Tjina pranakan wonten ingkang samar jèn boten toemoet kasamèkaken, wonten malih ingkang mastani: „voor ons heeft de geheele gelijkstelling geen beteekenis." Wonten malih, margi saking koewatosipoen ladjeng badé jasa pakempalan, kanggé njoewoen bab poenika! Tjina pranakan badé toemoet patij poendi? Poenapa toemoet dados „Nederlandsche onderdanen" kasamèkaken lan Walandi, gagajoetanipoen lan „militie" ramé malih. Jèn toemoet Walandi, saged kalampahan mangké toemoet perang Walandi mengsah Tjina oetawi Indonesische Nationalisten. Wonten ingkang mastani pranakan mengsah totok, wonten ingkang nerangaken, pranakan njamboet-gawé kanggo ngréwangi Indonesiërs. Tjina pranakan takèn „endi ta tanah-woetah rahkoe?" Tjina oet. Indonesië? Wangsoelan „endi sing marahi mblendoeking weteng." Wonten ingkang memoedji poenapa ngadjak voorbereiden ndandosi Indonesië, kadadosaken tanahing bangsa Indonesiërs i.p. bangsa ingkang sampoen manggèn ing ngriki, tanpa mawang bédanipoen koelit, bangsa, pangkat, sadaja kedah semi (gelijkgesteld). Wonten ingkang koewatos; „jèn Tjina tanpa gelijkstelling, mengko ora woeroeng Indonesiers pada ora tentrem Sin-Po (ingkang perloe koela tjatet) mrajogèkaken dateng Tjina pranakan ngajom regeering Tjina, djer pangajomaning regeering Walandi poenika namoeng sadangoenipoen kradjan Walandi mbawahaken Indonesië, nanging jèn sampoen boten, Tjina rak kétjalan Nederlandsch onderdaanschap-ipoen, nanging boten Indonesiërschap. Doemoegi samanten kémawon, mindak kepandjang-pandjang, kita rak sampoen saged mastani jèn Tjina pranakan njata dèrèng gadah standpunt, saweg gadah sedya njantosakaken barisan, toemoet golongan poendi? Inlanders poenapa Hollanders? Kadang kita Nationalisten ragi bingoeng ngraosaken bab poenika, sad. journalist „Aller" ing Darmakanda mrajogèkaken prajogi ngatos-atos gegajoetan lan bab poenika, tjalon dados mengsah, poenapa kantja! Bagoes poenika, ingkang ngatos-ngatos sampoen, madal soembi!

Gegajoetan kalijan gelijkstelling poenika, genah tjalon katah éwah-éwahan, pangadilan Landraad temtoe katah ingkang éwah dados „Raad van Justitie" lan temtoe kémawon katah para Mr. tjalon angsal pakarjan. Belasting Tjina temtoe mindak oegi. Poetraning iboe Indonesia, ingkang waspada, ingkang ngertos ing wadjib, nanging ngatos-atos èstoe, kedah ngambah margi rata lan adil ingkang sajektos.

Hercules.

Blakan-blakanan.

Drodoeg, doeg, doeg, swoeh-repduto-pitana: kaparenga koela ngrembag babagan pakempalan ingkang ing wekdal poenika saweg nedeng-nedengipoen dados kabetahan oemoem. Djalaran ing padoenoengan koela taksih wonten sawenèhing para sadèrèk ingkang dèrèng oetawi boten poeroen mangretos tjaranipoen ndjagi saha ngaosi dradjading parepatan, malah maksoedipoen mirengaken lezing kémawon dèrèng mangretos; ènggal mangké koela mentas ngradinaken serat sebaran, dateng para kadang katholiek Djawi perloe ngandar kawontenan sawetawis, kalijan njaroewé tindakipoen sadèrèk ingkang koela manah radi moerang-tata wonten ing parepatan K. W. soepados ing tembé pakempalan kita Katholiek saja mindak-mindak dradjading pandamelipoen. Sadèrèk ingkang ketaman, manawi roemaos atoer koela dora, kirang tarimahipoen kénging oesoel ngawontenaken débat vergadering, koela sagah ngladosi, sok oegi sadaja rembag zakelijk. Ing sarèhning sampoen boten kepireng wonten banèkipoen poenapa-poenapa, koela roemaos bingah. Ewasamanten kebingahan koela waoe kepeksa laroet, margi sadèrèk Dr. ning dédé Doctor ingkang ketaman serat sebaran koela, koela djak wawan ginem wonten madijaning ngakatah boten karsa mangsoeli, malah kepetoek kémawon boten karsa nganggoetaken djangganipoen kados adat. Bab poenika koela boten badé sak serik ing manah, djer sanadijan tijang gediplomeerd manawi kamanoengsanipoen dèrèng minggah satataran, pinten banggi langkoeng, tradjang tandoekipoen inggih asring kedah mekaten. Andèkpoena ngroemaosi soetji wantoen tampi..... Memelas.

Ingkang koela goemoeni, kanti goemoedjeng radi geli poenika, déné Pangarsaning salah satoenggilipoen pakempalan Katholiek, nanging sok radi....., teka kelebet ing babasan; „Keri nora pinetjoet;" pandjenenganipoen wonten sawingking kelir kepareng mampang doeka-doeka, badé mboewèkaken koela. Koela boten ngijas, matoer pasadja; mangsi èstoea! Tenèh inggih ladjeng koela tetepaken Radèn toer taksih toes jektok!?

Toetoeping goebahan poenika, koela kantèni poepoedji lair batos, moegi para sadèrèk ingkang sami kadoenoengan pamanggih nalisir saking garising leres poenika, sami kadoenoengana manah ènget, tjotjog kalijan djedjer pagedonganing Katholiek.

Wassalam
H. Dwidjadisastra.

OERAP-SARI.

KABAR KATHOLIEK.
25 taoenan Kalibawang

Tanggal 20 Mei '29 poenika kaleres 25 taoenipoen baptisan Kalibawang ingkang kawitan. Ingkang ambaptis, swargi Rama van Lith, wonten ing Sendang Sana. Déné ingkang kabaptis, pak Barnabas kalijan kantjanipoen satoenggal.

Gandèng kalijan prakawis nginggil, goewa kaprenah sangingiling Sendang Sana, badé kawangoen ngénta-énta goewa Lourdes. Manawi katjekapan sadajanipoen badé kaanggé saé saèstoe. Sapoenika, goewa sampoen kagarap.

Kabar oemoem.

INDONESIJAH

Poenggawa gemeente Priboemi pikantoek pènsijoen.

Ing *Javasche Courant* wonten katerangan saking wethouder Semarang toean J. Schuling, bilih samangké sampoen wonten tetepan oendang, anetepaken para prijantoening gemeente Semarang ingkang dédé bangsa Walandi, badé angsal pènsijoen, samanten oegi randa toewin anak tilaranipoen prijantoen waoe.

Salebetipoen taoen 1929 poenika tjalonipoen gemeente ing kita Semarang saged pikantoek bati resik apes f 311.000.

Ketoprak bangsa Tiong Hwa.

Sedya Tama ngabaraken: bangsa Tiong Hoa ing Klatèn ngadegaken pakempalan ketoprak, kanggé darma manawi wonten ingkang perloe dipoendarmani. Ingkang ambijantoni ada-ada poenika sampoen wonten 40 sami bangsa Tiong Hoa sadaja. Kala tanggal 25 April sampoen wiwit gladi wonten ing grijanipoen toewan Tjan Ti Jong Kwie.

(Kawontenan poenika oegi angantawisi bilih bangsa Tiong Hoa paranakan poenika delesing Tiong Hoanipoen sampoen kantoen manda-manda).

Pangarsa Raad Kawoela.

Toewan J.W. Meyer Ranneft, Residèn ingkang kabijantokaken Goepernoer Djawi Tengah, kaangkat dados pangarsa Raad Kawoela.

Toewan Meyer Ranneft mijosipoen wonten Magelang kala taoen 1887. Tijang sepoehipoen djaler dados leider Hoofdenschool.

Kala taoen 1906, pandjenenganipoen iksamen groot-ambtenaar wonten Nederland, ladjeng taoen 1907 dateng Indija. Taoen 1908 pandjenenganipoen dados Controleur wonten Djawi Tengah, ladjeng wonten Djawi Wétan (Pasoeroehan, Soerabaja.) Taoen 1916 sinaoe wonten bestuuracademie ngantos taoen 1918, ladjeng iksamen kalijan kantjanipoen prof. Oppenheim, nanging tw. Meyer Ranneft boten saged angsal academische graad.

Taoen 1918, pandjenenganipoen dipoenbenoem dados adjunct inspecteur agrarische zaken wonten Betawi. Ladjeng taoen 1921 pikantoek rang Ass. Residèn. Taoen 1926 dados Ass. Resident wonten Pati, ladjeng taoen 1928 kabenoem dados Residèn kabijantokaken Goepernoer Djawi Tengah.

Kadjawi pangkat-pangkat ing nginggil pandjenenganipoen taksih anglenggahi pangkat sanèsipoen kadosta: dados secretaris kiesrecht commissie, warga Bantam commissie sarta Onderwijs commissie.

Wiwit taoen 1924 doemoegi 1925 dados warga Raad Kawoela, sarta kala taoen 1927 kapilih malih.

Ing salebetipoen taoen 1926, pandjenenganipoen angsal bintang officier in de orde van Oranje Nassau.

Makaten reringkesaning babadipoen tw. J. W. Meyer Ranneft.

Kabar saking Soerakarta.

H. J. S. S. martosaken:
P. P. K. D.

Sampoen kagèt, dédé P. P. K. D. kita, nanging „Pakempalanipoen Para Kepala Doesoen," i. p. pakempalanipoen para loerah doesoen ing Banjoedana, sakilèn Solo. Koela oermati sanget kaactievaning pak loerah² doesoen waoe, djer poenika volksleiders ingkang peng-pengan èstoe; jèn poenika ngertos dateng kamadjengan, temtoe para tijang bawahipoen kantoen noeroet kémawon. Saja kanti ndingkloek anggèn koela boekak topi, jèn ngèngeti wontening P. P. K. D. kasboet nginggil langkoeng roemijin tinimbang moentjoelipoen Prijaji Bond. Prijantoen B. B. pantjèn rendet kamadjenganipoen, poenapa...?

Ning, goemoenkoe, djenengé kaé kok niroe P.P.K.D. koe loo!! Boten dados poenapa! Saoedara, poenapa-poenapa sapoenika wonten pakempalanipoen, ngagengaken manah èstoe, anggeré....?

Padvinderij.

Tw. Meyer Ranneft saking Semarang propaganda prakawis Padvinderij dateng Solo kaping kalih; i.p. tg. 29 April manggèn ing „Christelijke Kweekschool" ing Margajoedan mawi basa Mladjeng, kaping kalihipoen tg. 2 Mei ing Logegebouw Batangan, mawi basa Walandi.

Pandjenenganipoen Rama H. Koch lan Broeder 2 ndjenengi vergadering waoe. Sadèrèk Katholiek Djawi wonten 3; sanèsipoen Walandi lan Djawi ± wonten 25. Lezing waoe katerangaken mawi „lichtbeelden" njarijosaken padvindersbeweging ing sadjagad. Wah, saé sanget. Éman déné namoeng sakedik ingkang ndatengi. Ingkang pantes tjinatet ingriki: „Volkenbond" accoord lan padvindersbeweging. Mangga, sinten karsa ngadani „Katholieke padvinderij?"

Voetbalclub.

Kanggé ndjagi kasarasan, goeroe² Katholiek ing Solo ngawontenaken

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

Koemisi jasanipoen P. P. K. D. ingkang tinanggenah njatitèkaken kawontenan gandèng kalijan kontrakan Dèli, wonten konggrès P. P. K. D. kapengker adamel poepoetoesan asoeraos: *„Pranatanipoen saé, nanging ingkang nindakaken katah ingkang moerang leres."*

Koela kinten boten namoeng ing dalem djagad onderneming kémawon ingkang wonten kawontenan makaten. Dalah ing salebeting djagadipoen Nagari, inggih boten lepat saking sesakit poenika!

Katjarijos, gandèng kalijan boeteking kawontenan ing djagad kaboedidajan, Oud-planter ing Deli-Courant, mahjakaken pamanggih asoeraos:

a. Sebabing pasoelajanipoen koeli kalijan planter poenika ingkang bakoe wonten watak (gehalte)-ipoen mandor toewin hoofdmandoer. Awit, ingkang pinilih angloenggoehi pangkat poenika, kerep sanget koeli kontrak ingkang sampoen kadjoewara anggènipoen wanèn oetawi wantèn, alijas pemberani. Dados boten margi tjakepipoen anindakaken pakarjaning mandor. Margi makaten waoe, kerep sanget poen mandor ladjeng andasamoeka. Manawi poen mandor neda bodjo oetawi darbèking koeli, mangka koelinipoen boten ngoeloengaken, poenika koeli waoe sami oegi kalijan andandang sangsara. Djer mandor temtoe badé damel awoning koeli waoe wonten ngadjengipoen assistent onderneming. Ngadat, assistent namoeng anggega kémawon, ladjeng teroes njrengeni, anjirnakaken! Déné poen koeli namoeng kèndel kémawon, adjrih kalijan mandor sakomplotipoen. Mangké manawi wonten dadakan sapélé kémawon, ladjeng anatoni poen assistent, moentabing manah dipoenkatingalaken. Antepipoen: boten badé assistent dipoenréntjangi koeli! Oepami koeli-koeli kantjanipoen poeroena réréntjang, saged-sagedipoen inggih namoeng woedjoed pamisah! Béda kalijan manawi mantoeni mandor! poenika ateges poeroen pedjah! Djer mandor makaten, sakoetonipoen katah! wonten ngrika-ngriki!

b. Margi makaten waoe, Oud Planter oesoel soepados: onderneming jasa Opzichter Priboemi wedalan sekolahan ingkang pantes, tinanggenah anindakaken pakarjaning assistent ing wekdal poenika! Déné assistent-assistent kawadjibanipoen namoeng niti-priksa, oetawi akèn opzichter. Dados namoeng lalajanan kalijan Opzichter Priboemi waoe. Opzichter waoe kedah dados panggandèngipoen kaoem berah kalijan ingkang mberahaken.

Makaten prijantoen, rembagipoen Oud-planter!

Het Volk kala taoen 1927 oegi sampoen naté ngewrat pleidooi-nipoen toewan Hamakers ingkang oegi noenggil misah kémawon kalijan pamanggih kaseboet nginggil. Toewan Hamakers poenika anggènipoen sasrawoengan kalijan koeli kaboedidajan sampoen wonten 35 taoen. Sarta pamanggihipoen poenika awawaton practijk.

Kanggé njaèkaken kawontenan ing onderneming, onderneming kedah ichtijar sagedipoen para koeli remen njamboet-damel. Déné sarananipoen:

1. Épahan katah. (Een ruim loon).
2. (. . . . .)
3. (asoeraos): Assistent - assistent onderneming prajogi tijang Priboemi. Onderneming prajogi jasa sakolahan assistent Priboemi ingkang mbéndjingipoen sarta ing wekdal sekolahipoen pikantoek bajar katah. (vide: *Koerier* 26 November 1927 kolom „Boek en Blad").

Assistent oetawi opzichter Priboemi! Koela matoek! Saja manawi ngèngeti daradjading tijang ingkang loemebet koeli kontrak! prakawis poenika saja perloe sanget! Saboten-botenipoen manawi bangsa pijambak ingkang njeratèni, inggih langkoeng saged tinimbang bangsa mantja.

Éwadéné, ... pipiridan ing nginggil poenika ngèngetaken koela, bilih:

a. Mlebet dados koeli saking kadjengipoen pijambak, poenika langkoeng saé sanget tinimbang mlebet kontrak sarana wèrekan.

b. Wontena ing djagad panggesangan poendi kémawon, watak saé poenika temenipoen perloe pijambak!

Pandan Wangi 17 Mei.
Taklim: *Patjar - Mérah.*

CORRESPONDENTIE:

F. S. D. — saweg satoenggal.

B. mangoe—mempeng! noewoen! gentosan roemijin.

C. S. Gandj. — barang sampoen dados, mangké malah nggoendjingaken poenika! tembé wingking menawi perloe kénging kawedalaken.

L. 360 — „Pitakèn" boten badé mbingkas reroebet, malah saged damel gendra,—„Djeksa" — poetoesaning djeksa poenika boten kénging kamengsah tijang sanès kedjawi ingkang kénging prakawis pijambak, pamengsahipoen namoeng sarana appèl, mili kritiek namoeng nedahaken kesopèkan kita —Djampi—rembag sanès katah, toer moejeg, mila....

KATRANGAN:

39C — koela sarantosaken.
Sad. Dj. Soekardi — inggih.
736 — koela entosi.
786 — inggih.
Sad. Soet. Mag. — goed!

A. J. SISWASOEBRATA, Setabelan Solo, dimas lengganan nomer pinten??

J. O. WARDHANA, pandjenengan lengganan nomer pinten??

V. J. SOEPAMA Magetan. Pantjèn kita njoewoen vooruitbetaling. Dados, paring pandjenengan arta, poenika kanggé kwtl. I lan II taoen 1929.

M. Soeratiman Ende Flotes! Poenapa pandjenengan taksih kèngetan (kinten-kinten) tanggal pinten anggèn pandjenengan ngintoenaken?

Ngatoeri priksa, nalika dinten Rebolegi soerja kaping 8 Mei 1929 poenika, koela tijang kekalih anggsal sihing Goesti, nampi gandjaran momongan ingkang kaping 4, medal djaler, koela soekani tetenger:

RADÈN JOHANUS BERGMANS SOEDARMANTA

Koela kekalih:

R. E. KADAR ISMAN.
miwah sèmah.

Sinerat ing Soekoredjo (Sélokaton), kaping 16 - 5 - 1929.

Nalika tanggal 16 Mei 1929, koela kaparingan *momongan èstri*, koela namakaken:

R. Rr. ALOYSIA SITI SOEDIATI.

Tijang sepoehipoen kekalih:

SOETJIPTA HADI ATMADJA.

Ngatoeri priksa kala tanggal 5 April 1929, koela kekalih kaparingan momongan èstri wiloedjeng. Koela namakaken:

„CRISTINA HARTATI"

Koela kekalih

TÉDJOSOEKISMO.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8 30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8 30.	Tegal	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
„ Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7 30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7 30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

Voetbalclub. P.f.

Free Pentecostal Conference (Vereeniging Pinksterfeest) jasanipoen sadèrèk Protestant Solo; saben dinten Djoemoewah ngawontenaken kempalan manggèn ing „Pinksterhuis" Kestallanweg Solo; makaten swantening *Bendee*.

P. P. K. D. Ngajodja.

Sadèrèk L. Jadiran martosaken:

Nalika tanggal 12 Mei 1929 wonten ing speelloods Broederan P. P. K. D. adamel pepanggihan oemoem, kadjenengan sadèrèk ± 150 toewin poetri satoenggal, poenapa malih tamoe saking Magelang ingkang badé sesorah.

Watawis djam setengah 10 éndjing parepatan kabikak sdr. pangarsa, sarana ngloehoeraken asma Dalem.

Sadèrèk panitra maos notulen lan noenten kaabsahaken. Pangarsa ngabari bilih sdr. Oetaja taksih teroes dados secretarising hoofdbestuur P. P. K. D., toewin sadèrèk Jama taksih teroes ngasta redactie Swara Katholiek; salebetipoen njamboet-damel poenika sdr. Oetaja saged njinaoe pendamelaning redacteur, déné embèn wingking manawi sampoen paham, pandamelan badé gentosan.

Sad. Harjadi ladjeng sesorah. (Kaatoeran mriksani ngadjeng. Red.).

Satelasing sesorah, wonten sadèrèk ingkang sami miterang warniwarni, gegandèngan kalijan hak wewenang; sadaja pitakénan waoe sampoen sami roemaos marem, mireng wangsoelanipoen sad. pamedar sabda.

Sasampoenipoen poenika ladjeng ngrembag serat saking Hoofdbestuur:

a. weduwenfonds lan wezenfonds taksih dipoenpenggalih.

b. tjabang P. P. K. D. Ngajodja milih Federatie.

Wonten sdr. pitakèn bab paos sirah, para goeroe missie kedah ambajar poenapa boten?

Sarèhning bab poenika pangrèh dèrèng damang, badé kaoeroes roemijin.

Wonten voorstel soepados woetjalan debatingclub kapatjaka ing Centraal Katholiek, soepados sadaja sadèrèk sageda soemerep.

Wangsoelan. Manawi kadamel tjekak sanget inggih saged, awit papanipoen aoet. Wondéné manawi ketjekaken malah saja boten terang, adamel tjoewa. Pramila prajogi kapatjak ing Swara Tama.

Wasana sdr. Pangarsa matoer noewoen dateng sdr. Harjadi, déné sampoen paring sesorah semanten pandjangipoen, ingkang adamel mareming manah kita sadaja, poenapa déné saged amadangaken manah ingkang roemaos taksih wonten pepeteng.

Boten langkoeng ngatoeraken soegeng koendoer. Watawis djam 1 parepatan katoetoep mawi ngloehoeraken asma Dalem.

Afscheidfeest R. K. Mulo Djokja.

Sadèrèk S. Egbertus martosaken:

Kala dinten Djoemoewah 17 Mei '29 sonten ing speelloods Broederan Ngajodja dipoenwontenaken pahargjan; inggih poenika pakempalanipoen para moerid Mulo ing Kidoellodji (Ngajodja). Déné perloenipoen pakempalan poenika namoeng sepélé kémawon. Inggih poenika laré klas III ingkang sampoen koersoes, sami njoewoen pamit saha pangèstoe dateng padoeka Directeur ing Mulo saha dateng para Broeders ing Mulo sanèsipoen; kadjawi poenika oegi pamit dateng para kadang mitra ingkang taksih sami wonten ing R. K. Mulo sadaja. Déné ingkang rawoeh kirang langkoeng wonten tijang 80, inggih poenika padoeka Broeder Overste saha broeders Mulo sanèsipoen 4, padoeka rama Van Driessche, dalah rama Hagdorn, mijnheer Johannes lan mijnheer Soedana, lan para moerid-moerid Mulo mèh sadaja.

1. Djam 7 pakempalan kabikak déning sadèrèk Fr. Soewardi. Saha matoer noewoen dateng para Broeders, Pastoor dateng para goeroe toewin sanèsipoen ingkang toemoet ngrekaos ngwontenaken pahargjan poenika.

Bibar poenika ladjeng kasambet toespraak déning sadèrèk Toekidja ing klas III, ladjeng sadèrèk Soewarna ing klas II, ladjeng sadèrèk Doelah ing klas I, ladjeng sadèrèk Prantija ing klas das. Woesana ladjeng padoeka Broeder Overste. Wah! pandjenenganipoen rena sanget, déné moeridipoen sampoen sami kendel-kendel, gineman wonten ing ngadjengipoen tijang katah.

2. Spreekgelegenheid v.d. uitgenoodigden. Ingkang voordracht inggih poenika mijnheer Soedana kalijan mijnheer Johannes.

3. Zang v.d. voorklas.

4. Pauze — koffiehag — taartjes en strootjes.

5. Tembang 2de en 3de klas. (samenspraak).

Tembang 1ste klas.

6. Kunstfietsen.

7. Kluchtspel.

8. Pentak nganggé muziek.

9. Toespraak v. padoeka van Driessche.

10. Pauze — soep — souper — thee — Magcillavry.

11. Kluchtspel.

12. Sluiting (djam 1 ½).

MANTJA NEGARI.

NEDERLAND.

Internationale Arbeidsconferentie.

Internationale Arbeidsconferentie ingkang kaping kalih-welas, manggèn ing Geneve, béndjing 30 Mei. Wakil-wakil saking talatah Nederland, kados ing ngandap poenika:

a. *Dr. W. H. Nolens.* Minister van Staat, voorzitter Hoogen Raad van Arbeid, voorzitter van Mijnraad; dados wawakilipoen Paréntah Nederland, ngiras mangarsani oetoesan.

b. *Mr. J. J. Schrieke*, tilas wakilipoen Paréntah babagan oemoem wonten Raad Kawoela, dados wakilipoen Paréntah Nederland.

c. *Mr. L. F. H. Regout*, pangarsaning Organisatie van Industrieele Werkgevers afd. Nederland, dirèktoering pabrik porselin „Mosa" sarta pabrik gelas „Stella" ing Maastricht; dados wawakilipoen kaoem amberahaken ing Nederland.

d. *E. Kupers*, pangarsa Nederlandsche Verbond van Vakvereenigingen; dados wakilipoen kaoem berah Nederland.

e. Ingkang dados djoeroe rembagipoen oetoesan pradja Nederland babagan techniek.

1. *R.A.A.A. Djajadiningrat*, tilas Regent Betawi, sapoenika lid College van Gedelegeerden v.d. Volksraad.

2. *W. H. M. de Fremery*, hoofdinspecteur havenarbeid Amsterdam;

3. *Dr. B. J. Hage*, hoofdambtenaar afd. oeroesan bestuur sadjawining tanah Djawi ing Departement B. B.

4. *H. J. Scholte*, hoofdinspecteur van Arbeid kabijantokaken directeur-generaal van Arbeid.

5. *Mejuff. Mr. G. J. Stemberg*, referandaris depart. v. Arbeid, ngiras dados panitraning oetoesan.

f. Djoeroe rembagipoen oetoesan kaoem amberahaken:

1. *Mr. H. J. Bool*, secretaris Tabakbureau Amsterdam.

2. *Mr. P. W. J. H Cort van der Linden*, secretaris Intern. Organisatie van Industrieele Werkgevers afd. Nederland; alg. secretarisipoen Verbond van Nederlandsche Werkgevers; oegi kabijantokaken dados warganipoen Raad van Beheer v.h. Intern. Arbeidsbureau.

3. *Prof. Mr. G. J. Nolst Trenite* tilas param-para Dep. B. B. babagan oeroesan siti; oegi bijzonder hoogleeraar wonten Universiteitipoen Nagari, ing Utrecht.

4. *S. M. D. Valstar*, voorzitter pakempalan lalajaran „Noord," sarta dirèktoering Koninklijke Nederl. Stoomboot-maatschappij ing Amsterdam.

g. Djoeroe rembagipoen oetoesan kaoem berah:

1. *H. B. Berghuys*, secretarisipoen Alg. Nederl. Vakverbond.

2. *J. Nauta*, moeda-panitra-nipoen Christelijk Nationaal Vakverbond, sarta penningmeesteripoen Internationaal Verbond van Christelijke Bedienden Organisaties.

3. *Hadji Agoes Salim*, moeda-pangarsa Partij Sarikat Islam Indonesia ing Weltevreden.

4. *P. J. S. Serrarens*, warga pangrèhipoen R. K. Werkliedenverbond, sarta secretarisipoen Intern. Christelijk Vakverbond.

INGGRIS.

Katjarijos manoet Reuter 2 Mei, ing Inggris kekirangan djawah. Panènipoen ing Baritanijah kasèp ngantos kalih-tengah woelan. Sendang-sendang asat. Ngahadipoen ing Grédja-Grédja padoesoenan sami badé sembahjang moemoedja soepados kaparingan djawah, enz.

(Gandèng kalijan moemoedja wonten Grédja anjoewoen djawah, Sedya-Tama, koran ing Ngajodja, tjarijos makaten: „. . Ing ngriki wonten sakedik ingkang perloe koela rembag, i.p. anggènipoen tetijang sami noenoewoen dateng Ingkang Moerbèng djagad soepados katoeroenan hawa bentèr awit saking kirangipoen toja, lan saking asrepipoen hawa. Manawi nitik goegon-toehonipoen kawoela oemoem ing ngrikoe taksih kados makaten waoe, kados kok inggih dèrèng langkoeng bablas tinimbang para sadèrèk ing Indonesijah."

Badé kasambet.